

Entwodui Big Apple Connect.

Yon patenarya ant Vil New York
la ak Optimum.



Pwofite bon jan siyal Entènèt rapid ak chèn Televizyon GRATIS.

Biwo Teknoloji ak Inovasyon (Office of Technology and Innovation, OTI) Vil New York la ak Optimum kontan anonse yon patenarya ki pote pou ou pwogram Big Apple Connect la nan Vil New York, pou bay rezidan ki nan pwopriyete NYCHA yo bonjan Entènèt ak chèn Televizyon ki rapid gratis.

Lè ou enskri nan pwogram lan, Big Apple Connect pral ba ou 300 Mbps entènèt, sèvis Debaz pou Televizyon, ki gen ladan ekipman ak enstalasyon pou kay ou.

Kit ou se yon kliyan Optimum pou kounye a, yon kliyan k ap chanje founisè, oswa ki fenk ap resevwa entènèt pou premye fwa lakay ou, li fasil pou w enskri, epi pa genyen okenn fòmilè pou ou ranpli ni ou pa bezwen reponn ak okenn egzijans sou revni.

1. Rele yon reprezantan Optimum pou ou enskri:

Nimewo pou w rele: 866.580.1410

Lè pou ou rele: Lendi rive samdi apati 10:00 am -7:00 pm

2. Bay adrès ou nan youn (1) nan pwopriyete NYCHA kap patisipe

3. Pwograme enstalasyon an

Èske ou déjà genyen sèvis entènèt ak/oswa chèn televizyon ak yon lòt founisè? Se ou menm ki responsab, antanke abòne a, pou w anile sèvis sa yo aprè yo fin enstale sèvis Big Apple Connect ou yo lakay ou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte nou:



Nan Telefon:
866.580.1410



Sou entènèt:
optimum.com/bigappleconnect



An pèsòn nan yon magazen Optimum
ki nan rejyon ou an. Vizite optimum.com/stores pou jwenn pa ou an.



NYC
Office of the Mayor

optimum.

Optimum genyen Tèm Sèvis ki aplike pou Big Apple Connect, vizite optimum.com/terms. Big Apple Connect atravè Optimum Disponib sèlman pou rezidan ki nan pwojè developman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) Optimum ap bay sèvis. Ou pa kapab transfere òf sa a bay lòt moun, ou pa kapab ajoute lòt òf sou li, li limite a nivo sèvis yo di a, epi li pa disponib tout kote. Genyen plis lòt modalite, restriksyon ak kondisyon ankò. ENTENÈT FIB OPTIK: Pa disponib nan tout zòn yo. Jiska 300 Mbps telechajman/jiska 500 Mbps chajman. Kote yo bay 300 Mbps entènèt lan ak kab rezo, jiska 300 Mbps telechajman/jiska 20 Mbps chajman. Pilbisite a konsène vitès siyal pou koneksyon entènèt ak kab. Vitès siyal aktiyel yo kapab varye epi yo pa garanti, konsite optimum.com/speedfactors pou w jwenn plis enfòmasyon. TELEVIZYON DEBAZ: Mande pou tout televizyon yo genyen yon plög pou anatre HDMI la. Se pa tout kontni ki transmèt atravè Altice One ki an 4K Ultra HD. Kantite chèn Televizyon, chèn ki an HD ak fonksyonalte yo depann ki plan ou genyen ak nan ki zòn ou ye. Ou kapab mande kék chèn anplis men sa ap koute plis kòb. Tout sèvis ak chèn yo kapab pa disponib nan tout zòn yo. EKIPMAN, TAKS AK FRE: Enstalasyon estanda gratis. Yo bay yon (1) Pòtay gratis. Limit lan se youn (1) pou chak fwaye. Yon (1) ralon WiFi disponib si teknisyen Optimum ou an oswa machaswiv kalibray koy ou an mande sa. Gen lòt ralon WiFi ki kapab nesesé pou konekte tout rezidans abòne an nèt sou wireless. Ka bezwen satisfè egzijans ki pi piti yo pou sistèm lan ak konfigurasyon ekipman an. Yo bay premye dekodè à gratis, ou pral peye pou lòt ekipman yo nan yon to nòmal chak mwa. Gen plis sèvis ankò, tankou vitès siyal entènèt ki pi rapid, plan chèn televizyon, ak telefon pou kay ki disponib pou yon lòt frè anplis epi kliyan an pa dwe gen okenn fakti ki poko peye. Tout mak komèsyal ak sèvis yo se responsabilite pwopriyetè respektif yo. © 2025 CSC Holdings, LLC, yon filial Altice USA, Inc.